

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonésia mangrupa nagara anu beunghar ku sélér bangsa nu gumulung jeung budayana. Salasahiji sélér bangsa anu aya di Indonésia nu kasohor miboga rupa-rupa kasenian nyaéta sélér Sunda. Demi kasenian nurutkeun Ki Hajar Dewantara (dina Gie, 1996, kc. 9) mangrupa hasil karya manusa anu miboga kaéndahan nu bisa ngahudang rasa jeung jiwa hiji jalma ku cara eksprési atawa tingkah paripolah manusa ngaliwatan média seni musik, seni sora, seni rupa, seni tari, jeung seni téater.

Kesenian nu aya di tatar Sunda kawilang euyeub, salasahijina di Kabupaten Ciamis anu miboga potensi kasenian kayaning; Bebegig Sukamantri, Gondang Buhun, Gembyung, Wayang Landung, Ronggeng Gunung, Ronggeng Amén, jeung Ronggeng Tayub Kaléran. Tina nu ditataan wanda kasenian di luhur, utamana nu patali jeung ronggeng, téteła perlu aya penjelasan deui nu leuwih tandes, naon baé sasaruanana jeung lebah mana bédana, antara Ronggeng Gunung, Ronggeng Amén, jeung Ronggeng Tayub Kaléran.

Dumasar pemetaan wilayah, kasenian ronggeng di Ciamis aya nu disebut Kaléran jeung Pakidulan. Ditilik tina gelarna wilayah, wanda kasenian ronggeng di Ciamis aya tilu nyaéta anu pangheulana Ronggeng Gunung, néma kana Ronggeng Tayub, jeung anu panganyarna aya Ronggeng Amén minangka hasil kamekaran tina Ronggeng Gunung (Kurnia & Nalan, 2003, kc. 105).

Tina tilu wanda ronggeng di Ciamis kabéhanana miboga ciri has séwang-séwangan. Ronggeng Gunung mangrupa seni ritual pikeun upacara ménta hujan, upacara nu patali jeung tatanén paré, jeung upacara mapag Sri. Ieu kasenian dipintonkeun ku ronggeng kalawan dikurilingan ku nu ngibing lalaki lobaan jeung pamaénna diharudum ku sarung. Lalaguan anu dibawakeun mangrupa lalaguan anu tangtu ogé alat musikna nyaéta tilu rupa ketuk, goong, jeung kendang. Ronggeng Amén mangrupa seni hiburan masarakat anu miboga ciri has pola pintonan gerakan ngabuleud ogé dilakukeun lobaan sarta musik pamirigna anu

dilakukeun sacara *medley* atawa tuluy-tumuluy. Ronggéng Tayub Kaléran mangrupa seni hiburan masarakat anu miboga ciri has pola pintonan gerakan pasangan antara ronggéng jeung nu ngibing lalaki sarta musik pamirigna teu *medley*, hartina unggal bérés lagu aya lolongkrang waktu heula. Tina tilu wanda ronggéng éta, panalungtik kairut pikeun nalungtik kasenian Ronggéng Tayub Kaléran, utamana tina gerakan, sok sanajan spontan tapi miboga éstética anu luhur.

Ronggéng téh palaku awéwé anu miboga dua fungsi nyaéta ngawih jeung ngibing. Kecap *tayub* asalna tina dua kecap nyaéta *mataya* (basa Jawa) jeung *guyub*. Mataya hartina ngigel, sedengkeun guyub hartina rukun bareng atawa ngahiji. Tayub hartina kasenian hiburan dina widang tari pikeun lalaki anu ngadatangkeun para ronggéng (Sujana, 2002, kc. 2).

Tayuban di daerah Tambaksari disebut Ronggéng Tayub Kaléran. Pikeun pedaran Ronggéng Tayub Kaléran, satuluyna rék disingget maké istilah RTK. Disawang tina wangun jeung téhnis pintonan, RTK kaasup seni tradisional minangka pintonan ibingan anu dipirig ku gamelan saléndro jeung pélog. Ibinganana kaasup jenis ibingan pasangan antara ronggéng jeung nu ngibing lalaki. Gerakan tari dilakukeun sacara spontan atawa teu matok kana aturan-aturan gerak tari. Sanajan kitu, unsur éstética tetep diperhatikeun. Ieu kasenian biasana dipintonkeun dina acara hajatan, nikahan, sunatan, peperan (gusaran), upacara adat Nyacarkeun Jalan, peutingan 17 Agustus, jeung acara-acara séjenna boh di lingkungan Kabupatén Ciamis boh di luar Ciamis. Waktu mintonkeun ieu kasenian bisa beurang atawa peuting. Tapi ilaharna mah dipintonkeun peuting sabab nuturkeun kaayaan masarakat hususna mah nu resep ngibing, mangsa beurang masarakat masih kénéh miboga aktivitas séwang-séwangan. Tempat mintonkeun ieu kasenian dibagi jadi dua, nyaéta pikeun nayaga jeung sindén, biasana di luhur panggung. Sedengkeun para ronggéng jeung nu ngibing lalaki biasana di handapeun panggung. Kagunaan ieu kasenian nyaéta pikeun sarana hiburan. Masarakat ngajadikeun hiburan pikeun nyumponan pangabutuh batin. Dina lolongkrang aktivitas gawé sapopoé, masarakat bisa ngamangpaatkeun hiburan pikeun ngabubungah diri atawa pikeun kasenangan.

Dumasar kana sajarahna, kasenian RTK mimiti gelar ka wilayah Ciamis Kalér nyaéta dina taun 1936 di Dusun Margahina Désa Karangpaningal Kacamatan Cisaga (kiwari Kacamatan Tambaksari) Kabupaten Ciamis. Asal-muasal kasenian RTK nyaéta ti Banyumas Jawa Tengah. Koentjaraningrat (1994, kc. 211-212) nétélakeun yén di Banyumas aya hiji kasenian anu disebut *Lénggér* atawa *Tayub Banyumas*. Lénggér mangrupa seni ibing salaku ébréhan wujud rasa sukur ka déwa-déwa kasuburan.

Ieu kasenian ditaratas ku Aki Wilasri. Kasenian RTK mangrupa hasil pamikiran jeung kréativitas masarakat Ciamis Kalér, hususna di Kacamatan Tambaksari. Ocoh Suherti (2018, kc. 290) nétélakeun yén anu ngamekarkeun ieu kasenian di Ciamis Kalér nyaéta Bapa Sarim dina taun 1960-an, anu nepi ka kiwari masih kénéh aktip dina kasenian RTK. Pa Sarim nyaéta generasi ka-3 nu mingpin kasenian RTK ti taun 1966 nepi ka 1984. Harita ieu kasenian keur jaya-jayana nepi ka loba masarakat anu mikaresep kana ieu kasenian, ti mimiti barudak ngora nepi ka kolot papada resep ngibing.

Dumasar hasil wawancara ti sababaraha informan, kasenian RTK kurang dipikawanoh ku masarakat umum, hususna di Kabupaten Ciamis. Dina taun 1980-an ieu kasenian méh-méhan pareum lantaran kurangna kréativitas masarakat dina ngigelan jaman, anu antukna grup seni di wilayah Ciamis Kalér jadi jarang manggung. Ieu hal mangaruhan kana kamekaran kasenian RTK, sabab ngan ukur masarakat Ciamis Kalér anu nyaho kana ieu kasenian, saperti Kacamatan Panawangan, Kacamatan Rajadésa, Kacamatan Rancah, jeung Kacamatan Tambaksari. Ku ayana ieu pasualan, para tokoh budaya ogé para seniman hususna di Désa Mekarsari miboga karep pikeun ngahudangkeun deui ieu kasenian ku cara leuwih kréatif dina ngokolakeun kasenian RTK boh tina unsur pintonan boh tina unsur séjéenna anu ngarojong kana kasenian RTK. Luyu jeung pamadegan Liliweri (2014, kc. 33) nétélakeun yén kabudayaan miboga sifat dinamis, hartina kabudayaan téh robah-robah alatan ku mekarna jaman. Dina mertahankeun kabudayaanana, manusia ogé kudu bisa nyieun ide-ide atawa hal-hal anu anyar sangkan bisa ngigelan jaman.

Tarékah pamaréntah dina ngariksa budaya jeung tradisi, salasahijina kapanggih dina dilarapkeunana pangajaran basa Sunda di lembaga formal (sakola). Ieu hal dumasar kana Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Kurikulum Nasional di SMA Kelas XII diajarkeun perkara maca artikel budaya. Nurutkeun Hudgson (dina Tarigan, 2008, kc. 7) maca nyaéta hiji prosés nu dilakukeun sarta digunakeun ku pamaca pikeun meunangkeun informasi, anu bakal ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kecap atawa basa tinulis.

Peran guru jeung siswa dina prosés pangajaran kacida pentingna. Guru salaku subjék dina prosés pangajaran boga peran jeung fungsi dina ngirut siswa sangkan ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan Sunda. Sangkan tujuan pangajaran kahontal, guru dipiharep parigel milih bahan pangajaran, parigel jeung mampuh nganalisis buku sumber nu luyu kana tujuan pangajaran, guru bisa nangtukeun tingkat kamampuh siswa luyu jeung waktu nu disadiakeun.

Panalungtikan saméméhna nu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta: “Ajén Budaya dina Kasenian Dur Ong di Désa Cikalong Kecamatan Cikalang Wétan Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XII” ku (Desita, 2015), “Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMP Kelas IX” ku (Rosdiani, 2013), “Ajén Budaya dina Kasenian Badogar di Désa Margalaksana Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” ku (Sukamdani, 2014), “Rénghap Kendang dina Ronggéng Tayub” ku (Sunjaya, 2014), “*Gending Tari dalam Pertunjukan Ronggéng Tayub di Ciamis*” ku (Suherti, 2018).

Tina lima panalungtikan saméméhna, katitén aya bébédaan jeung sasaruaan. Nu kahiji, tina objék nu ditalungtik, yén kasenian Dur Ong, Réog Dongkol, jeung Badogar sacara objék tangtu béda, sedengkeun nu séjénna objékna sarua nyaéta Ronggéng Tayub. Nu kadua, tina analisis, bédana nyaéta dina kasenian RTK analisisna ngeunaan lima oriéntasi ajén budaya nyaéta hakékat hirup (MH), hakékat karya (MK), hakékat manusa kana waktu (MW), hakékat manusa kana alam (MA), jeung hakékat hubungan manusa jeung papada manusa (MM). Dina kasenian Réog Dongkol jeung Dur Ong analisisna ngeunaan simbol-simbol atawa ma’na. Kasenian Badogar ngeunaan ajén tioritis, ajén ékonomi, ajén politis, ajén

éstétik, jeung ajén sosial. Tepak Kendang dina Ronggéng Tayub analisisna ngeunaan pola-pola tepakan ibingan ronggéng tayub. *Gending Tari dalam Pertunjukan Ronggéng Tayub di Ciamis* analisisna ngeunaan gending tari dina ronggéng tayub. Sedengkeun sasaruanana nyaéta dina kasenian Réog Dongkol, Dur Ong, jeung Badogar ulikanana ngeunaan ajén budaya.

Nilik kana masalah di luhur, ieu panalungtikan téh perlu dilaksanakeun sangkan masarakat mikanyaho kana ajén budaya nu nyampak dina kasenian RTK nu mangrupa hiji warisan nu perlu dimumulé jeung dimekarkeun ku masarakat, ogé salaku alternatif pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Ajen Budaya dina Kasenian Ronggéng Tayub Kaléran di Désa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, rumusan masalah nu bisa dipaluruh saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha sajarah katut kamekaran kasenian ronggéng tayub kaléran?
- 2) Kumaha prak-prakan kasenian ronggéng tayub kaléran?
- 3) Ajén budaya naon waé nu nyampak dina kasenian ronggéng tayub kaléran?
- 4) Kumaha larapna kasenian ronggéng tayub kaléran pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang tur rumusan masalah nu geus dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya nu aya di masarakat Sunda hususna dina kasenian Ronggéng Tayub Kaléran di Désa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis, pikeun nambahana pangaweruh budaya nu aya di tatar Sunda, ogé ditujukeun pikeun Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupaten Ciamis.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun ngadéskripsiikeun sajarah katut kamekaran kasenian ronggéng tayub kaléran;
- 2) Pikeun ngadéskripsiikeun prak-prakan kasenian ronggéng tayub kaléran;
- 3) Pikeun ngaidéntifikasi ajén budaya nu nyampak dina kasenian ronggéng tayub kaléran; sarta
- 4) Larapna kasenian ronggéng tayub kaléran pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nyaéta 1) mangpaat tioritis, 2) mangpaat praktis, 3) mangpaat isu jeung aksi sosial, jeung 4) mangpaat kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat sacara tioritis nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan ajén budaya nu nyampak dina kasenian Ronggéng Tayub Kaléran, hususna dina pangajaran basa Sunda pikeun bahan ajar. Lian ti éta, pikeun panalungtikan leuwih jero ngeunaan kasenian ronggéng tayub kaléran di Désa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Panalungtik

Ngeuyeuban pangaweruh sarta pangalaman ngeunaan kasenian ronggéng tayub kaléran di Désa Mekarsari Kecamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis.

- 2) Pamaréntah

Merhatikeun, ngamumulé, sarta ngapublikasikeun kasenian ronggéng tayub kaléran sangkan leuwih dipikanyaho ku masarakat umum, ogé pikeun ngirut para wisatawan doméstik jeung wisatawan mancanegara sangkan bisa ngaapréssiasi langsung pintonan ronggéng tayub kaléran.

3) Masarakat Umum

Méré informasi ka masarakat boh ngaliwatan média sosial atawa sacara langsung ngeunaan kasenian ronggéng tayub kaléran.

4) Pangajaran

Salaku bahan pangajaran maca pikeun nambahana pangaweruh inteléktual pikeun peserta didik.

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta ngeuyeuban pangaweruh ka masarakat utamana ngeunaan ajén budaya dina kasenian ronggéng tayub kaléran anu bisa dilarapkeun dina kahirupan. Ajén budaya bisa jadi tetekon atawa cecekelan masarakat dina lampah paripolah sapopoé pikeun milampah kahadéan.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) Kabupatén Ciamis bisa ngahirup-huripkeun kana kasenian ronggéng tayub kaléran sangkan jadi bahan agéndakeuneun dina acara-acara kabudayaan atawa acara séjénna boh di lingkungan Kabupatén Ciamis boh di luar Ciamis.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Sistematika tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung sistematika skripsi.

Bab II medar tiori anu patali jeung panalungtikan. Sawatara tiori anu dipedar di antarana konsép kabudayaan, konsép ajén budaya, kasenian, pangajaran maca, jeung bahan ajar.

Bab III medar métode panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV medar hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngadéskripsikeun sajarah katut kamekaran kasenian ronggéng tayub kaléran, prak-prakan kasenian

ronggéng tayub kaléran, ajén budaya nu nyampak dina kasenian ronggéng tayub kaléran, ogé larapna pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi